ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№65 (23.723) ● 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 25, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдок! ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Петербург щрагъэкIуэкI XXII дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэр дыгъуасэ къызэIуахащ. Абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий



Яп эмахуэм Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIыIэ, Урысейм и ЛIыхъужь Белавенцев Олег, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и субъектхэм я Iэтащхьэхэр кърихьэлIэу Iэ щIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым и адмирал Кузнецов Н. Г. и цIэр зезыхьэ дзэ-тенджыз академием и еджапIэ-щIэныгъэ центрымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

АБЫ ЩЫУБЗЫХУАЩ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым школыр къыщызыхъэр зэрагъэхьэзыр щыкIэр егъэфIэкIуэным, зэщIыгъуу щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ ятеухуа проектхэр гъэзэщIэным екъэлIа Iухуэр.

Илъэс куэд лъандэрэ, къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхуэкIащ ди республикэм и унафэщIым, Дзэ-тенджыз флотымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ быдэу зэпыщIауэ зэдолажьэ. Иужьрей зэманым Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым хыхьэ Балтикэ флотым тэмэму зыкъыщегъэлъагъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухым. Дызэрыт илъэсым и мэлыжьхьыс маэзэм Урысейм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ, армэм и генерал Булгаков Д. В., Ищхъэрэ флотым и командующэ адмирал Евменов Н. А. сымэ кърихьэлIэу Северо-морск къалэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхьыхьэм «Эльбрус» кхъухьым и ныпыр щалэтащ икIи Ищхъэрэ флотымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ.

КIуэкIуэ Юрий жиIащ щIэуэ зэращIыIа зэгурыIуэныгъэр «ди республикэмрэ Дзэ-тенджыз флотымрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныжмкIэ икIи абыхэм зегъэубгъуныжмкIэ сэбэп зэрыхъунур».

КъБР-м и Iэтащхьэр яхуэзащ вузым и егъэджакIуэхэмрэ абы щIэсхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэр тепсэлъыхьащ езыхэр зэреджэм, адэкIэ я мурадхэм.

Шэджагъуэ нэхъыщхьэ республикэм и Iэтащхьэр Урысейм и щIыналъэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэм яхуэзащ, Санкт-Петербург и щIэныгъэ центрхэм щыIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэр къэзыуххэм йохъуэхъу

«Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм иужьрей узэджынэр къыщеуащ. Ар республикэм и школхэр къэзыух цIыху мин пщыкIутIым щIигъуэм, абыхэм я адэ-анэхэмрэ я егъэджакIуэхэмрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи жэуаплныгъэ зыпылъ махуэщ. АдэкIэ экзаменхэр екIуэкIынущ икIи дэтхэнэми Iэщ1агъэ хуэхъунур къыхихынущ.

ФIыуэ тлъагъу ди щIалэхэ, хъыджэбзхэ! Фи кьарум фытемышынихь, мурад инхэр зыхуэзгъэуныж икIи ахэр фэ Iэмал имыIэу зэегъэхъулIэфынщ. Фэ фи ерыщагъым, егугъныгъэм, зэфIэхыным куэдкIэ елытащ фи къэкIуэнур, фыщалъхуа республикэм, зэрыщыту ди къэралым я къэкIуэнур.

ЕхъулIэныгъэ, насыпI, мамырыгъэ, ефIэкIуэныгъэ фи!эну! Гъуэгу махуэ!», - итщ хъуэхъум.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Сабиигъуэмрэ балигъ гъащIэмрэ я зэпылъыпIэ

● Иужьрей узэджынэ

Къэралым и курыт школ псоми иужьрей узэджынэр накъыгъэм и 24-м къыщеуащ. Махуэшхуэм епха гуфIэгъуэ зэIущIэхэр екIуу, дахэу щекIуэкIащ ди республикэм и еджапIэхэми. Курыт школыр къэзыух ныбжьыщIэхэм я дежкIэ иужьрей узэджынэм и зу макъ жьгъырур сабиигъуэмрэ балигъ гъащIэмрэ я зэпылъыпIэщ.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭР илъэс 11-кIэ зыщIэса еджапIэр къызэраухыр щыхуагъэлъапIэ махуэм абыхэм къахуеблэгъащ хьэщIэ куэд. Зи щIалэгъуэхэм я гуфIэгъуэр даIэтащ адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэм, къалэ, къуажэ администрацэхэм я Iэщ1агъэлIхэм. Школ линейкэхэм апхуэдэу кърагъэблэгъащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэм пщIэ щызиIэ нэхъыжьыфIхэр. ЕкIуу ягъэщIэрощIа, макъамэ дахэхэр къыщIу школ пщIантIэ хуитхэм гуфIэгъуэр дэзт. 11-нэ классыр къэзыухэм а махуэр гукъинэж ящыхъун папщIэ, школакIуэ нэхъыщIэхэми ялъэкI къагъэнакъым. Абыхэм школ щIыхьэпIэхэр, гуфIэгъуэ зэIущIэр щекIуэкI утхэр удз гъэгъахэмрэ шар зэмыфэгъу гъэпщахэмкIэ ягъэдахащ, гуфIэгъуэр нэхъыбэу зыхуэунэтIахэм папщIэ концерт щекIуэкIр, теплъэгъуэ кIэщIхэр ягъэхьэзыращ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).



Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



♦ЯфIэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапIэ Филологым и махуэр

♦Зэгъунэгъуэхэм я европэпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм я Iэщ1агъэм епха махуэр щагъэлъапIэ гъущI зэпызыгъавэхэм

♦Африкэм и махуэщ. Африкэ зэкъуэтыныгъэм и зэгухьэныгъэр къыщыдэгъэпэща махуэщ (1963 гъэм).

♦Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1946 гъэм къэралыр къыщIэкIащ Инджылызым и унафэм.

♦НэгъуэщIхэм я унафэм щIэт щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэм и махуэщ

♦Инджылызым щагъэлъапIэ гъатхэм и махуэр

♦США-м щыщ зауэлIэу зи къалэн зыгъэзащIэу зэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦Украинэм и къалащхьэ Киев и махуэщ

♦1705 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ Москва и уэрамхэр мывэкIэ къищIыкIынымэ теухуауэ.

♦1957 гъэм СССР-м къыщызэIуахащ къэралым щынэхъ ин дыдэ «Украина» хьэщIэщыр.

♦1987 гъэм «Сыбыр» мылкъутэ атом къуэхьыр Полюс Ищхъэрэм нэсащ.

♦Югославием и унафэщIу ильэс 35-кIэ щыта **Иосип Броз Титэ** къызэралъхурэ ильэси 126-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм я тхыдэр зыджа осетин щIэныгъэлI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Гарданов Батрэз** къызэралъхурэ ильэси 110-рэ ирокъу.

♦ЮстицэмкIэ къэрал чэнджэщагъу, жылагъуэ лэжьакIуэ **Анэкъуэ Мухьэрбий** къызэралъхурэ ильэс 96-рэ ирокъу.

♦Совет космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Речкэ Георгий** къызэралъхурэ ильэс 87-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ **Тут Михаил** и ныбжьыр ильэс 86-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, усакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Барэсбий** къызэралъхурэ ильэс 78-рэ ирокъу.

♦Молдавием и президенту щыта **Воронин Владимир** и ныбжьыр ильэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр цIэрыIуэ **Даль Олег** къызэралъхурэ ильэс 77-рэ ирокъу.

♦Актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфащэ **Калягин Александр** и ныбжьыр ильэс 76-рэ ирокъу.

♦Парт, къэрал лэжьакIуэ, республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу щыта, КъБР-м и Къэрал чэнджэщэгъу, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Бозий Натбий** и ныбжьыр ильэс 68-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм транспортымкIэ и академием и действительнэ член **ЗекIуэрей Аслъэн** и ныбжьыр ильэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Орбакайте Кристинэ** и ныбжьыр ильэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэртехьэ-текIыуцущыгъынущ, уэшхтIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЯукIыну яшэми, хьэм дзэкъэн зыхинэркъым.

● КъБР-м и Парламентым

Ахъшэр къызэрагъэсэбэпар къапщытэ

КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щедзIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетымрэ ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании щIыналъэ фондым и бюджетымрэ 2017 гъэм зэрагъэзэщIам.

ЗэIуЩIэм хэтащ депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лIыкIуэхэр, КъБР-м Къэзыпщыту-къэзыбж и палатэм и лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ 2017 гъэр гугъуу зэрыщытам емылъытауэ, бюджетыр зыхуэй хуэзэу къызэрагъэсэбэпар, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iэхуэтхьэбзэхэр цIыхухэм и чэзум хуащIэну зэрахуэзфIэкIар, щIыналъэм и экономикэ зыужьыныгъэр хуэмурэ зэрефIакIуэр.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ТIымыжь Хъусен** къыхигъэщащ щIыналъэм и экономикэ щытыкIэр зыхуэдэр республикэм и валовэ щIыналъэ продуктыр ильэсым зэрыхъуам псом ялъэ къызэригъэлъагъуэр. Апхуэдэу 2017 гъэм ар сом меларди 151,2-м нэсащ, 2016 гъэм къалэжьам проценти 101,3-кIэ пэхъуу.

- Промышленностым, мэкъумэш IэнатIэм, ухуэныгъэм, хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зэрызэужьым елъытащ щIыналъэм къыпэжьу нэхъыбэ хъуныр. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ промышленностым и къалэнхэр проценти 100,8-кIэ игъэззэщIащ, 2016 гъэм ар процент 90,2-м нэблагъэу щыта къудейщ, - жиIащ ТIымыжьым. - Хьэпшыпу къыщIагъэкIамрэ Iуэхугъэбзэгу ящIамрэ сом мелард 36,07-рэ я уасэщ. А бжыгъэм адэкIи хэдгъэхъуэну ди мурадщ. МэкъумэшхэкIым къитар сом мелард 46-м щIегъу. ХадзэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэу къытетхар тонн мин 240-м щIегъу икIи ар нэгъуэщI щIыналъэхэм ирагъэшэну траухуам нэхъ-рэ хуэдиткIэ нэхъыбэщ. КъыхэгъэщыпхъэщI, мэкъумэш IэнатIэм зегъэуэкъыным хуэгъэзащэ нэгъабэ къэрал дэIепыкъуныгъэу сом меларди 2 зэрыратар. Илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыгъэр зытетхэр щIы гектар мин 18-м нэдгъэсащ.

Къэпсэлъам къызэрыхигъащамкIэ, 2017 гъэм ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм къапкIуащ сом мелард 14,6-рэ, ар проценти 100,4-кIэ ягъэззэщIащ. Узынщагъэр хъумэныжмкIэ IэнатIэм епха уни 4, егъэджэныгъэм ейуэ - 1, спортым - 9, газымкIэ къызэзыгъэпэщ Iуэхущ1апIэ - 2, псымкIэ - 5, щэнхабзэмкIэ унэ 11 къызэIуахащ. 2017 гъэм къриубыдэу халъхьа инвестицэхэм я фIыгъэкIэ лэжьыгъэ Iэнатlэ мини 2-м нэблагъэ къызэрагъэпэщащ. Республикэм щыпсэухэм кьаХь улахуэр ику иту сом мин 22-рэ 242-рэ хъуащ икIи илъэсым елъытауэ процент 1,4-кIэ хэхъуащ. 2017 гъэм и кIэм къызэрахутамкIэ, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр проценти 2,1-рэ мэхъу.

КъБР-м финансэмкIэ и министр **Бещтокъуэ Жыр-Аслъэн** жиIащ 2017 гъэм республикэм и хэхъуэр сом мелард 25-рэ мелуани 174,6-кIэ зэрагъэззэщIар, къиргъэсэбэпар сом мелард 27-рэ мелуан 864,5-рэ зэрыхъуэр. 2018 гъэм и щIышылэм ирихьэлIэу республикэм и къэрал щIыхуэр сом мелард 12-рэ мелуани 193,3-м нэсащ. Абы къызэрыхихIэщамкIэ, республикэм, гугъуехьэкэм емылъытауэ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэр псори игъэззэщIащ. Улахуэмрэ стипендиехэмрэ тыным, социальнэ, коммунальнэ Iэхуэтхьэбзэхэм, ОМС-м къызэригъэпэщ лэжьыгъэм сом мелард 21,3-рэ текIуэдащ, УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэр гъэззэщIным сом мелард 1,3-рэ ихьащ.

КъБР-м фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщI **Бгъэжьнокъуэ Зурьят** зэрыжиIамкIэ, 2017 гъэм Iуэхущ1апIэм и хэхъуэр сом меларди 6-рэ мелуан 688-м щIигъуащ, къагъэсэбэпар сом меларди 6-рэ мелуан 810-рэ мэхъу. Фондым налогым щымыщу сом мелуан 11-рэ мин 392,5-рэ къыхэхъуащ. СтрахованэмкIэ медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я Iуэхур къызэрагъэпэщын папщIэ, псоми зэхэту сом мелуан 60-рэ мин 573,8-рэ текIуэдащ. Абыхэм ящыщу сом мелуани 3-р - «СМК РЕСО-МЕД» ООО-м, сом мелуан 57-рэ мин 483,2-р - «РГС-Медицина» ООО-м, сом мини 7,8-р - «ВСК-Милосердие» страховой Iуэхущ1апIэм кьагъэсэбэпащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Къэзыпщыту-къэзыбж и палатэм и унафэщI **КIасэ Динэ**, Урысейм и УФНС-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Лытневэ Наталье**, КъБР-м узынщагъэр хъумэныжмкIэ и министр **Хъубий Марат**, Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщ №2-м и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэззащIэ **Тогузаевэ Залинэ**, ОнкологиемкIэ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ **КIэнцIэлий Анатолэ**, Республикэ сабий сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Гущал Людмилэ**, нэгъуэщIхэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Краснодар-2» - 2:1

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъэпшыхь Налшык щызэхэта зэIущIэр апхуэдэу иухащ. Ди щIалэхэм ящыщу топитIри дигъэкIащ Мэшыкъуэ Хьэчим.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Краснодар-2»-мрэ зэрызэдэджэгуамрэ зи чэзу зэIущIэхэм яужькIэ турнир таблицэм игъэуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.



Мэз Каринэ и зи чэзу лъагапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымкIэ, щIэблэр гъэсэныжмкIэ и комиссэм хэт Мэз Каринэ «Лъагапlи 7» клубым щыщ гупым яхэту 2018 гъэм накъыгъэм и 18-м аргуэру Эверест дэкIащ.

ЯпЭУ абы дуней псом щынэхъ лъагэ дыдэ щыгур къигъэлурыщIауэ щытащ 2011 гъэм накъыгъэм и 21-м. Кавказ Ищхъэрэм и цIыхубзхэм ящыщу Мэз Каринэ и закъуэщ Эверест тIэунейрэ дэкIыфар. Спортсмен щIэрыIуэр зэдынэса щыгъуэм ящыщщ Хьан-Тенгри (метр 6637-рэ), Килиманджарэ (метр 5895-рэ), Манаслу (метр 8156-рэ), Охос-дель-Саладэ вулкан нэхъ лъагэ дыдэр (метр 6893-рэ), нэгъуэщIхэри. Іуащхьэмахуэ и щыгум адыгэ альпинистхэ цIэрыIуэр нэсащ 150-м щIигъурэ.

«Лъагапlи 7» клубым щыщ гупыр щыгум ъхехыжу я хэщIапIэм хъсэжьа нэужь, абыхэм зыхуэфащэ сертификатхэмрэ «Эверест-2018» дыщэ дамыгъэхэмрэ ираташ.

Иджыпсту Каринэ къокIуэжри гъэзгу тету. Абы поплъэ и унагъуэр, и лэжьэгъуэхэр, ди республикэм щыщ цIыху куэд. Ар Iэтауэ кърагъэблэгъэжыну загъэхьэзыр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Губгъуэ лэжьыгъэхэр и кIэм ноблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм гъатхэсэр щынагъэблэгъащ гектар мин 225-м щIигъуи. Абыхэм ящыщу гектар мини 162,1-р гъавэмрэ джэшхэкIхэмрэщ, гектар мин 12-р Іусыпхъэхэрщ, гектар мин 13,8-р хадзэкIхэрщ, гектар мини 10,6-р кIэртIофщ, гектар мин 27-р техническэ къикIыгъэхэрщ.

МэкъумэшыщIэхэр зыхуеину жылапхъэхэмкIэ, щIыгъэпшэрхэмкIэ, гъэсыныпхъэхэмкIэ, техникэмкIэ и зэманым нэсу къызэрагъэпэщащ икIи ар сэбэп хъуащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэман нэхъыфIхэм къриубыдэу ирагъэкIуэкIынымкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Петербург щрагъэкIуэкI XXII дунейпсо экономикэ зэхыхьэшхуэр дыгъуасэ къызэIуахащ. Абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

Яп эмахуэм Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIыIэ, Урысейм и ЛIыхъужь Белавенцев Олег, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и субъектхэм я Iэтащхьэхэр кърихьэлIэу Iэ щIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым и адмирал Кузнецов Н. Г. и цIэр зезыхьэ дзэ-тенджыз академием и еджапIэ-щIэныгъэ центрымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

АБЫ ЩЫУБЗЫХУАЩ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым школыр къыщызыхъэр зэрагъэхьэзыр щыкIэр егъэфIэкIуэным, зэщIыгъуу щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ ятеухуа проектхэр гъэзэщIным екъэлIа Iухуэр.

Илъэс куэд лъандэрэ, къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхуэкIащ ди республикэм и унафэщIым, Дзэ-тенджыз флотымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ быдэу зэпыщIауэ зэдолажьэ. Иужьрей зэманым Урысейм и Дзэ-тенджыз флотым хыхьэ Балтикэ флотым тэмэму зыкъыщегъэлъагъуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухым. Дызэрыт илъэсым и мэлыжьхьыс маэзэм Урысейм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ, армэм и генерал Булгаков Д. В., Ищхъэрэ флотым и командующэ адмирал Евменов Н. А. сымэ кърихьэлIэу Северо-морск къалэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхьыхьэм «Эльбрус» кхъухьым и ныпыр щалэтащ икIи Ищхъэрэ флотымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ.

КIуэкIуэ Юрий жиIащ щIэуэ зэращIыIа зэгурыIуэныгъэр «ди республикэмрэ Дзэ-тенджыз флотымрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныжмкIэ икIи абыхэм зегъэубгъуныжмкIэ сэбэп зэрыхъунур».

КъБР-м и Iэтащхьэр яхуэзащ вузым и егъэджакIуэхэмрэ абы щIэсхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэр тепсэлъыхьащ езыхэр зэреджэм, адэкIэ я мурадхэм.

Шэджагъуэ нэхъыщхьэ республикэм и Iэтащхьэр Урысейм и щIыналъэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэм яхуэзащ, Санкт-Петербург и щIэныгъэ центрхэм щыIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

АФЭЩIАГЪУЭ Михаил:

Къалэн нэхъыщхьэр - цIыхум и псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, къэралым зегъэужьынырщ

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарь, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и унафэщIым и къуэдзэ Афэщ1агъуэ Михаил зэрыжиIамкIэ, партым и къалэн нэхъыщхьэу «2026 гъэм хуэунэтIауэ» парт конференцым къищта унафэм.

«ДокументымцIыхум и псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ лъабжьэ нэхъыщхьэу кьиIытащ къэралым зегъэужьыныр», - жиIащ Афэщ1агъуэ Михаил.

«Партым и тхьэмадэ, къэралым и премьер-министр Медведев Дмитрий «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхъыщхьэмрэ Генеральнэ советымрэ зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыщIыпсалъэм зэрыжиIамкIэ, ялъэхэми хуэдэу, партыр УФ-м и Правительствэм быдэу пыщIауэ лэжьэн хуейщ. А лэжьыгъэм и унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытепсэлъыхьащ конференцым хиубыдэу къызэрагъэпэща зэIущIэхэм. Абыхэм щыжаIа псори зэхэплъхьажмэ, нэхъыщхьэ дыдэр - къэралым и цIыхухэр фIагъ лъагэ зиIэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэгъэпэщыныщ. Апхуэдэ Iэхутхьэбзэхэр щызэфIэгъэкIыпхъэщ егъэджэныгъэми, узынщагъэр хъумэнми, къэралым, муниципальнэ Iуэхуэхми, псэуплIэ-комунальнэ хозяйствэми», - жиIащ Афэщ1агъуэ Михаил.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм



Къыхэтхыкlым зыхуагъэхьэзыр

Къэрал статистикэмкlэ федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиlэ къудамэм иджыблагъэ щекlуэкlа пресс-конференцым щытепсэлъыхьащ 2018 гъэм и жэпуэгъуэм ирагъэкlуэкlыну къыхэтхыкlым епха лэжьыгъэм.

УРЫСЕЙМ Статистикэмкlэ и Iуэхущlапlэм и унафэщlым и кlуэдзэ **Кевеш Александр** жиIащ къыхэтхыкlым и liэ зэкъэрал псор, етlуанэм щlыналъи 9-м я районы 10 къыззрызщlиубыдэнур. Къэбэрдей-Балъкъэрым ар щрагъэкlуэкlыну къыхахащ Iуащхьэмахуэ районыр. Iуэхум халъхьыну зэхъуэкlыныгъэхэм къыщытеувыlэм, къэпсэлъам къыхиргъащащ цIыхухэм иджы Интернет Iэмалыр къагъэсэбэпу къэрал Iуэхутхьебзэхэр къыщыцlегъэлъэгъуа сайтым е Къалэн куэд щагъэзащlэ Iуэхущlапlэхэм екlуалlэмэ, зэрызыщатхыфынур. Кевеш Александр зэрыжиlамкlэ, апхуэдэ щыкlэкlэ мы Iуэхум текlуадэр нэхъ мащlэ ящlыфынущ. Электроннэ Iэмалым кьыдэкlуэу, унагъуэхэм кlуэну Iэщlагъэлlхэри лэжьэнущ, псори зэлъагъэлъэсын хуэдэу.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу мыпхуэдэ бгъэдыхьэкlэр къыщыдгъэсэбэпыну аращ, - жиIащ Росстатым къыхэтхыкlыр къызэрэзэпещыныкlэ и управленэм и унафэщlэ **Базаров Александр**. - Мы Iуэхум щlэуэ къыхэдгъэхьар къэпльытащ, абы текlуэдэну худогъэфащэ федеральнэ бюджетым щыщ сом меларди 2,8-рэ. Дызыхуеинур нэхъ мащlэнкlи хъунущ. Жэпуэгъуэм екlуэкlыну къыхэтхыкlым къигъэлъэгъуэнущ 2020 гъэм къызэдгъэпэщыным текlуэдэну дыдэр. Мы зэманым зэрыхуэдгъэфащэмкlэ, абы щхьэкlэ дыхуеинущ сом мелард 30 - 40-м нэблагъэ.

Базаровым дыщIигъуащ жэпуэгъуэм и 1 - 10-хэм цIыхухэм езыр-езыру Интернетыр кьагъэсэбэпу упщIэхэм жэуап зэрыщратынур, апхуэдэ Iэмалыр кьэзымыгъэсэбэпахэм я цIэ-унэцIэхэмрэ щыпсэуухэмрэ жэпуэгъуэм и 11 - 15-хэм зэрагъэбелджылыну. «Жэпуэгъуэм и 16-м кьыщыцIэдзауэ 27 пщIондэ электроннэ Iэмалыр къамыгъэсэбэпауэ Iуащхьэмахуэ районым щыщу къэзнэнухэм я жэуапхэр анкетэхэм иратхэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, 2018 гъэм электроннэ Iэмалым къызэщlиубыдэну худогъэфащэ псори зэхэту цIыху мин 550-рэ», - дыщIигъуащ абы.

Мы гъэм екlуэкlыну къыхэтхыкlым итыну упщIэхэр 2020 гъэм ейм текуэду щытынущ: къыщыдгъэхуа щlыпIэр, и ныбжьыр, зыщыщ къэралымрэ лъэпкъымрэ, унагъуэ иIэрэ имыIэрэ, зригъэгъуэта щlэнбгъэр, и хэхъуэр къызыхэкlыр, лажьэрэ мылажьэрэ, Iэпхъуэщапхъуэхэм хэт-хэмытыр.

Кевеш Александр журналистхэр щыгъуазэ ищIащ къыхэзытхыкlхэм я улахуэр нэхъ ипэкlэ сом мини 5-м нэблагъэу щытамэ, ар хуэдизкlэ зэрыхагъэхьуар икlи сом мин 16-рэ 200-рэ зэрыхъуар. 2018 гъэм и жэпуэгъуэм Iуащхьэмахуэ щlынальэм щылэжьну ягъэхьэзырыну Iэщlагъэлхэр щыхуи 140-м нэблагъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуащхьэмахуэ районым къищынэмыщlа, 2018 гъэм и жэпуэгъуэм щыIэну къыхэтхыкlым епха лэжьыгъэхэр щекlуэкlынущ Якутие, Камчаткэ, Красноярск, Иркутск, Великий Новгород, Сахалинск, Москва, Санкт-Петербург щlынальэхэм я щlыпIэ щхьэхуэхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ФIым я фIыжхэр къыхах

Мы гъэ еджагъуэм кьриубыдэу екlуэкlа «Си бзэ - си псэ, си дуней» хэгъэгупсо зэпеуэм и иужьрей Iыхьэр иджыблагъэ щыIэхэтащ Налшык къалэ дэт, Сабийхэмрэ щlалэгъуалэмрэ я къэхъыным зыщрагъэжь уарэзунэм. Абы кърихьэлIат адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэ 30. Ахэр я методикэ лэжьыгъэхэмкlэ зэхьэзэхуащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭ хъарзынэт къэпщытакlуэхэм я пащхьэ иралъхьахэр. Егъэджакlуэгъэм ехьэлIауэ къэралым иубзыхуэ пщалъэхэм арэзы укьишlу егъэджакlуэхэр зэрыщыгъуэзэщ, дерсыр щызэхагъэувэкlэ абрыхэм кьагъэув Iэмалхэмрэ бгъэдыхьэкlэхэмрэ кьагъэсэбэпыну зэрыхущlэкъур лэжьыгъэ екlуэкlам нахуэ кьищlащ. Дэтхэнэ зы егъэджакlуэми езым и Iуэху еплъыкlэ, и зэгъэзэхуэкlэ хилъхьэкlэрэ, еджэныгъэр щlэщыгъуэ зэрищlыным, еджакlуэхэр къыдэхьэха зэрыхъуным зэрытелажьэм гу лъымытэнэр Iэмал зимыIэт. Я псэлъэкlэмэ, я гупсысэр къызэрIуатэми, я утыку итыкlэми кьагъэльагъуэрт егъэджакlуэхэр я Iэщlагъэм зэрыхуэфащэр, адыгэбзэр щlэблэм ящта хуэм щхьэкlэ я кьару екьиблэну зэрылажьэр. Пэжыгъэм бжьыз икlунукъым псэ хьымылъхьэмэ. Iуэхур зэрыкlуатэр, зэрызиужьыр къызыхэщlри егъэджакlуэхэм утыку кьрахьа дерс хуэIухуэщlэхэращ.

Къэрал щыгъуазэ я Iуэхур тынштэкъым, егъэджакlуэхэм я Iуэхущlафэхэр пщалъэ зэхуэмыдэхэм щlэгъэкlын хуейти. Ахэр еплъащ лэжьыгъэхэр зэрытха я кьабзаегъэм, и шэрыуагъэм, зэпкърах Iуэхугъуэмрэ ар кьыщlащта щхьэусыгъуэхэмрэ зэрызэтехуэм, бгъэдыхьэкlэ къыхуагъэутам, кьэхутэныгъэ ирагъэкlуэкlам щlэщыгъуэу, щlэуэ халъхьам, я гупсысэр екlуу къызэрIуэтам.

Хэдзгъуейуэ, къыхэхьыгъуейуэ щыт пэтми, зэпеуэм «фIым я фIыжкlэ» уэзджэ хъунухэри къыхэгъэща хьащ. Ящэ увыпIэр ираташ Джэрэмэншык къуажэм дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ щезыгъаджэ Гъукlэпщокъуэ Iэсият. Абы и лэжьыгъэр зытеухуауэ щытар псалъэ гъэпсыкlэмрэ пэжырытхэмрэ екьэлIауэ еджакlуэм зэригъэгъэта щlэныгъэр къызэщlэкlэуэжьынырщ.

Етlуанэ увыпIэр зэдагъэшащ Псыхъуерей дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ щезыгъаджэ Кlэжкlуэ Нафисэтрэ Тыжьей дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ Тхъэхъуауэ Фоэзрэ. Нафисэт утыку кьрихьащ Елгъэр Кашиф и «Щlыуагъэ» романым напэмрэ щlыхьымрэ нэхъыбэ нэхъ пIалIэ зэрыщымыIэр къызэрыщыгъэлъэгъуар дерсым зэрыщыщэпкърыхьапхъэ къэхутэныгъэр. Фоэзэ и лэжьыгъэр теухуат адыгабзэмрэ литературэмкlэ «Зыуэ щыт экзаменхэм» я лIэужьыгъуэу тест лэжьыгъэхэр зэрызэхагъэувэм, ахэр къызэрыхах пщалъэхэм.

Ещанэ увыпIэри зэдагъэшащ Тэрч къалэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ щезыгъаджэ Хъэгъуэ Светэ. Щхьэплкъуэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакlуэ Куэшмэн Маринэ сымэ. Евдокие и къэхутэныгъэр зытеухуар адыгабзэ глаголым и наклоненхэкъарт. Апхуэдэу ар нэхъ хэубыдыкlауэ тепсэльыхьащ зэрагъэтэ наклоненэр 6-нэ классым зэрыщадж, зэрыщыгъэкlыж хъуну Iэмалхэм. Псэлъэкlэм и щэн нэхъыщlэхъэм теухуат Светэ тэ утыку кьриихьа лэжьыгъэр. Гупсысэу абы хилъхьар унэтIныныгъэ щхьэхуэ зэрырикъур едэIуахэм зэакъыlэгъуу кьыхаргъэщащ. Маринэ и лэжьыгъэр Шэджыхьэщlэ Хъэмыщэ и «Къэуратlхъу» рассказыр 7-нэ классым зэрыщеб гъэкlуэкlэ хъунумрэ ар къызэрызэгъэпэщащхъэ Iэмалхэмрэ ятеухуауэ щытащ.

Кьыхэжаныкlахэм я щlэхэри кьиIуалхъэу кьалъытащ къэпльытакlуэ гупым. Абыхэм ящыщщ Щхьэлыкъуэ дэт, КIыщокъуэ Алим и цIэр зезыхьэ 2-нэ курыт еджапIэм пэщIодзэ классхэр щезыгъаджэ Кlэрэф Аринэрэ Пашынкъей дэт 2-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Къамгъуэт Иринэрэ.

Шыбзыхъуэ Мухьэдин и тхыгъэхэр зэрегъэджыпхъэмкlэ 3-нэ классым методикэ чэнджащхэр кьахуэхэным теухуат Кlэрэф Аринэ и лэжьыгъэр.

Зи Iуэхущlафэр утыку кьэзыщlа дэтхэнэ зы егъэджакlуэми фIыщIэ яхуэфащэщэц. Пэпкъым и пэпкъ, и нэмысым я лъахэ я фIыгъуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхуэс. Бахъсэн район администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакlуэ Бапхъкъуэ Iэминэ хъыбар кьиззэрыдигъэщlамкlэ, Зауэм, Iэжьыгъэм, Iэщlэкlэ Зэщlэуэзэда Къаруэсэм я ветеранхэм я щlыпIэ советым и хэщlапIэм щекlуэкlа пшыхьым ирагъэблагъат Хэку заущхуэм и зэманым фронтым и щlыбагъ лэжьыгъэшхуэ щызэфIэзыха нэхъыжьыфIхэм, «зауэм и бын-хуэхьэзыру хэгъэхьэным хуэлажьэ егъэджакlуэм и лэжькlэ абы мыхьэнэшхуэ иIащ, - жеIэ Мадинэ. - Iуэху зехьэкlэ дахэкlэ цIэрыIуэ мы еджапIэм щекlуэкlа лабораторэр, занщIэу зэрыльагъэгъэр сщыхъуащ икlи абыхэм сазэрыдзэхуным сыпылъащ.

ФIыуэ илъагъу Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, Мадинэ Iэнатlэщlэм есащ зэман кlэщlым кьэриубыдэу. Зи бзэр дахэ, зи щlэныгъэр куу, гъэсэныгъэ екlу зыхэлъ егъэджакlуэ жыжьэрым а псомкlи кьыдихьэхащ и гъэсэнхэр. Мадинэ гъуэгугъэльагъуэ щыхуэхъуащ а лъэхъэнэм абы и ныдэфащlу щытахэр, егъэджакlуэ нэхъыжьхэр. Егъэджакlуэм кьилъхьэурэт лэжьыгъэр нэхъри зэребгъэфIакlуэ хъуну Iэмалхэр, абыхэм хэплъхьэхьурэ, я нэхъыфIхэр и дерсхэм къыщигъэсэбэпырт. Егъэджакlуэ-къэхутакlуэу, егъэджакlуэ-жэрдэмщlакlуэу, егъэджакlуэ-кьызэгъэпэщакlуэу зыкъэзэгъэльэгъуа Шэрийм бгъэдэлъ зэфIэкlкlэ лъагэхэм щыгъуазэ хуэщащ егъэджэныгъэмкlэ кьалэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлlхэр. Ар ирагъэблагъэу хуежьащ департаментым кьызэригъэпэщ кьалэпсо зэхьхьэзэхэм, егъэджэныгъэ методикэр егъэфIэкlуэным епха нэгъуэщI зэIущIэхэм.

Абы щыгъуэ Мадинэ ирегъэкlыжу щыта дерс зэIуахэхэм нэрылъагъу щыхъуащ егъэджакlуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ яку дэлъ зэпIущIэныгъэр зыхуэдэр, абы ябгъэдилъхьэ щlэныгъэм и кууагъэр здынэсыр, нэхъыжьым нэхъыщlэхэр зыхуиущий гъэсэныгъэ мардэхэр. Абы и нэIэм щlэтхэр жьыджэру дапщащи хэтащ егъэлIэм къыщыщзэрагъэпэщ Iуэху псоми, екъуэлIныгъэфIэхэр зыIэрагъэхьэу. Егъэджакlуэм бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкlкlэм кьапэкlуащ зыхэт гупмэ, ираугъэджэхэми, абы хэм я адэ-анэжэмэ кьабгъэдзкlэ пщIэрэ нэмысрэ. Кьинэмыщlауэ, Шэрийм кьыхуагъэсфэщащ егъэджэныгъэмкlэ кьалэ департаментым, министерствэм кьабгъэдзкlэ щlыхь, фIыщIэ тхьылъхэр. 2010 гъэм абы кьыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ» цIэ лъапIэр.

2013 гъэм къыщыщlэдзауэ илъэси 3-кlэ Мадинэ кьызыхуэзытыншэу ирихьэкlащ егъэджакlуэ и лэжькlэ абы мыхьэнэшхуэ иIащ, - жеIэ Мадинэ. - Iуэху зехьэкlэ дахэкlэ цIэрыIуэ мы еджапIэм щекlуэкlа лабораторэр, занщIэу зэрыльагъэгъэр сщыхъуащ икlи абыхэм сазэрыдзэхуным сыпылъащ.

ФIыуэ илъагъу Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, Мадинэ Iэнатlэщlэм есащ зэман кlэщlым кьриубыдэу. Зи бзэр дахэ, зи щlэныгъэр куу, гъэсэныгъэ екlу зыхэлъ егъэджакlуэ жыжьэрым а псомкlи кьыдихьэхащ и гъэсэнхэр. Мадинэ гъуэгугъэльагъуэ щыхуэхъуащ а лъэхъэнэм абы и ныдэфащlу щытахэр, егъэджакlуэ нэхъыжьхэр. Егъэджакlуэм кьилъхьэурэт лэжьыгъэр нэхъри зэребгъэфIакlуэ хъуну Iэмалхэр, абыхэм хэплъхьэхьурэ, я нэхъыфIхэр и дерсхэм къыщигъэсэбэпырт. Егъэджакlуэ-къэхутакlуэу, егъэджакlуэ-жэрдэмщlакlуэу, егъэджакlуэ-кьызэгъэпэщакlуэу зыкъэзэгъэльэгъуа Шэрийм бгъэдэлъ зэфIэкlкlэ лъагэхэм щыгъуазэ хуэщащ егъэджэныгъэмкlэ кьалэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлlхэр. Ар ирагъэблагъэу хуежьащ департаментым кьызэригъэпэщ кьалэпсо зэхьхьэзэхэм, егъэджэныгъэ методикэр егъэфIэкlуэным епха нэгъуэщI зэIущIэхэм.

Абы щыгъуэ Мадинэ ирегъэкlыжу щыта дерс зэIуахэхэм нэрылъагъу щыхъуащ егъэджакlуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ яку дэлъ зэпIущIэныгъэр зыхуэдэр, абы ябгъэдилъхьэ щlэныгъэм и кууагъэр здынэсыр, нэхъыжьым нэхъыщlэхэр зыхуиущий гъэсэныгъэ мардэхэр. Абы и нэIэм щlэтхэр жьыджэру дапщащи хэтащ егъэлIэм къыщыщзэрагъэпэщ Iуэху псоми, екъуэлIныгъэфIэхэр зыIэрагъэхьэу. Егъэджакlуэм бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкlкlэм кьапэкlуащ зыхэт гупмэ, ираугъэджэхэми, абы хэм я адэ-анэжэмэ кьабгъэдзкlэ пщIэрэ нэмысрэ. Кьинэмыщlауэ, Шэрийм кьыхуагъэсфэщащ егъэджэныгъэмкlэ кьалэ департаментым, министерствэм кьабгъэдзкlэ щlыхь, фIыщIэ тхьылъхэр. 2010 гъэм абы кьыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ» цIэ лъапIэр.

2013 гъэм къыщыщlэдзауэ илъэси 3-кlэ Мадинэ кьызыхуэзытыншэу ирихьэкlащ егъэджакlуэ и лэжькlэ абы мыхьэнэшхуэ иIащ, - жеIэ Мадинэ. - Iуэху зехьэкlэ дахэкlэ цIэрыIуэ мы еджапIэм щекlуэкlа лабораторэр, занщIэу зэрыльагъэгъэр сщыхъуащ икlи абыхэм сазэрыдзэхуным сыпылъащ.



Шэрий Мадинэ

ФIыуэ илъагъу Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, Мадинэ Iэнатlэщlэм есащ зэман кlэщlым кьриубыдэу. Зи бзэр дахэ, зи щlэныгъэр куу, гъэсэныгъэ екlу зыхэлъ егъэджакlуэ жыжьэрым а псомкlи кьыдихьэхащ и гъэсэнхэр. Мадинэ гъуэгугъэльагъуэ щыхуэхъуащ а лъэхъэнэм абы и ныдэфащlу щытахэр, егъэджакlуэ нэхъыжьхэр. Егъэджакlуэм кьилъхьэурэт лэжьыгъэр нэхъри зэребгъэфIакlуэ хъуну Iэмалхэр, абыхэм хэплъхьэхьурэ, я нэхъыфIхэр и дерсхэм къыщигъэсэбэпырт. Егъэджакlуэ-къэхутакlуэу, егъэджакlуэ-жэрдэмщlакlуэу, егъэджакlуэ-кьызэгъэпэщакlуэу зыкъэзэгъэльэгъуа Шэрийм бгъэдэлъ зэфIэкlкlэ лъагэхэм щыгъуазэ хуэщащ егъэджэныгъэмкlэ кьалэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлlхэр. Ар ирагъэблагъэу хуежьащ департаментым кьызэригъэпэщ кьалэпсо зэхьхьэзэхэм, егъэджэныгъэ методикэр егъэфIэкlуэным епха нэгъуэщI зэIущIэхэм.

Абы щыгъуэ Мадинэ ирегъэкlыжу щыта дерс зэIуахэхэм нэрылъагъу щыхъуащ егъэджакlуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ яку дэлъ зэпIущIэныгъэр зыхуэдэр, абы ябгъэдилъхьэ щlэныгъэм и кууагъэр здынэсыр, нэхъыжьым нэхъыщlэхэр зыхуиущий гъэсэныгъэ мардэхэр. Абы и нэIэм щlэтхэр жьыджэру дапщащи хэтащ егъэлIэм къыщыщзэрагъэпэщ Iуэху псоми, екъуэлIныгъэфIэхэр зыIэрагъэхьэу. Егъэджакlуэм бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкlкlэм кьапэкlуащ зыхэт гупмэ, ираугъэджэхэми, абы ябгъэдилъхьэ щlэныгъэм и кууагъэр здынэсыр, нэхъыжьым нэхъыщlэхэр зыхуиущий гъэсэныгъэ мардэхэр. Абы и нэIэм щlэтхэр жьыджэру дапщащи хэтащ егъэджэныгъэмкlэ кьалэ департаментым, министерствэм кьабгъэдзкlэ щlыхь, фIыщIэ тхьылъхэр. 2010 гъэм абы кьыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ» цIэ лъапIэр.

2013 гъэм къыщыщlэдзауэ илъэси 3-кlэ Мадинэ кьызыхуэзытыншэу ирихьэкlащ егъэджакlуэ и лэжькlэ абы мыхьэнэшхуэ иIащ, - жеIэ Мадинэ. - Iуэху зехьэкlэ дахэкlэ цIэрыIуэ мы еджапIэм щекlуэкlа лабораторэр, занщIэу зэрыльагъэгъэр сщыхъуащ икlи абыхэм сазэрыдзэхуным сыпылъащ.

ФIыуэ илъагъу Iэнатlэм пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, Мадинэ Iэнатlэщlэм есащ зэман кlэщlым кьриубыдэу. Зи бзэр дахэ, зи щlэныгъэр куу, гъэсэныгъэ екlу зыхэлъ егъэджакlуэ жыжьэрым а псомкlи кьыдихьэхащ и гъэсэнхэр. Мадинэ гъуэгугъэльагъуэ щыхуэхъуащ а лъэхъэнэм абы и ныдэфащlу щытахэр, егъэджакlуэ нэхъыжьхэр. Егъэджакlуэм кьилъхьэурэт лэжьыгъэр нэхъри зэребгъэфIакlуэ хъуну Iэмалхэр, абыхэм хэплъхьэхьурэ, я нэхъыфIхэр и дерсхэм къыщигъэсэбэпырт. Егъэджакlуэ-къэхутакlуэу, егъэджакlуэ-жэрдэмщlакlуэу, егъэджакlуэ-кьызэгъэпэщакlуэу зыкъэзэгъэльэгъуа Шэрийм бгъэдэлъ зэфIэкlкlэ лъагэхэм щыгъуазэ хуэщащ егъэджэныгъэмкlэ кьалэ Iэнатlэм и Iэщlагъэлlхэр. Ар ирагъэблагъэу хуежьащ департаментым кьызэригъэпэщ кьалэпсо зэхьхьэзэхэм, егъэджэныгъэ методикэр егъэфIэкlуэным епха нэгъуэщI зэIущIэхэм.

Абы щыгъуэ Мадинэ ирегъэкlыжу щыта дерс зэIуахэхэм нэрылъагъу щыхъуащ егъэджакlуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ яку дэлъ зэпIущIэныгъэр зыхуэдэр

Хьэх Сэфарбий и тхыгъэхэр дапхъэ хэхахэм щагъэтІыгъуэ

Аращ насып жыхуаІэжыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щыхь тхылъыр зрата, республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и саугъэтым и лауреат Хьэх Сэфарбий Хьид и къуэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 80 ирикъуащ.

Лъэпкъ литературэмрэ журналистикэмрэ ныкъуэ хъунут, Хьэх Сэфарбий и цІэр хэмытамэ, жысІэмэ, едгъэлеинукъым. ТхакІуэнымрэ журналист Іэщіагъэмрэ илъэс куэдкІэ зэкІуу езыхьэкІа Сэфарбий а Іэнатіитіми лъагъуэ бгъуфІэ щыхишын хуэзфІэкІащ. Лъэпкъ усыгъэми прозэми щыпэрытхэм ящыщщ Хьэхым и цІэр, ауэ псом хуэмыдэу цІыхуэхэм фІыуэ ялъагъу гушыІэр и лъабжьэу абы гъащІэм къыхихэ теплъэгъуэ щыкІуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым, зыкъыуагъэцІыхуэ, щІагъыбзэ дахэ щІэлъщ Хьэхым и тхыгъэхэм. Псори зэхэту Сэфарбий тхылъ 20-м щІигъу и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Ар, дауи, пэжыгъэшхуэщ, ауэ зыкІи нэхъ мащІэкъым илъэс 20-м щІигъукІэ «Щыхулъагъуэ» литературэ хасэм щригъэкІуэкІари.

Тхэн щІэзыдзагъащІэхэр гъэгу пэж тебгъэувэныр, абыхэм дэтхэнэми «гурыІуэгъуэу» уепсэльэныр, уи псалъэ ебгъэльытэныр зэрымыкъалэн тыншыр хэт и дежкІи наІуэщ. Арагъэнщ абы нэгъуэщІхэм зыщІрамыщытари. Хасэм иужьрей илъэс зыгъэхухым тхылъибл дунейм къытригъэхьат. И нэхъыбэр «Эльбрус» къэрал тхылъ тедзапІэрат къыщыдэкІари. ГурыІуэгъуэщ тхэн щІэзыдзэ псоми тхакІуэ къаэрыхэмыкІыр, ауэ Сэфарбий и деж къэкІуалІэу щыта дэтхэнэми гъэсэныгъэ, пщІэ хэмылъу идэртэхьым. ИтІанэ, абы си тхыгъэ къезыхьэлІахэм зэи ягу ириудырэтхэым, тхакІуэ къахэмыкІыну яжриІэу (езым зэгуэр къращІар ищІэж къыщІэкІынт). Мытхэфхэм хуэмхуэмурэ къагурыІуэжыр.

Сэфарбий и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъхэр, повесть гуимыхужжхэмрэ романхэмрэ нобэ щыхъхуэу я гугъу тхуэмышІми, ахэр лъэпкъ литературэм и дапхъэ хэхахэм щагъэтІыгъуэ фІыгъэ гъэщІ. Иджырей щІэблэм яфІэгъэщІэгъуэну ядж. Аракъэ тхакІуэ насып жыхуаІэжыр! «ГъащІэ зыльэгъуам жиІэжьи иІэщ», жаІэ. Хьэхым къыкІуа гъащІэ гъэзугаиз купщІафІэм и фІыгъэу къыщІэкІынщ и тхыгъэхэри щІэгъэщІэгъуэныр.

**Хьэх Сэфарбий и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъхэр, повесть гуимыхужжхэмрэ романхэмрэ нобэ щыхъхуэу я гугъу тхуэмышІми, ахэр лъэпкъ литературэм и дапхъэ хэхахэм щагъэтІыгъуэ фІыгъэ

ХъыбарыщIэхэр КъэхъукъащIэхэр Iуэху еплъыкIэхэр



Илъэс ныкъуэкIэ нэхъ пасэу

● Ар зэрыщытар

Лъэмыжышхуэр тралъхьну мурад ящIащ Къэрмыр Урысеим къызэрыхьэжу.

ИПЭКIЭ хьтIыгуныкъуэр УФ-м и щIыналъэм къыпхызыщIэ транспорт нэхъыщхьэу щытар Керчь и деж щыдзекIуэ брамырт.

2014 гъэм проект зэмылIэужьыгуэу 70-м щIигъум хэплъэри, IэщlагъэлIхэм къалъытащ Iуэлэ хьIтIыгум и лъэныкъуэмкIэ лъэмыж тралъхьэмэ нэхъ тэрэзэу.

Арщхьэкlэ лэжьыгъэхэм щIадзэн ипэкIэ щIыпIэм еплъащ пасэрей ихьэпшыпхэр къэзылъхьэхуэ ар-хеологхэр, Хэку зауэшхуэм и щIэин шынагъуэ лагъым куэд къэзыгъуэта сапёрхэр.

Лъэмыжыр 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м ухэзщыщIадзащ. Тамань хьIтIыгум и Iуфэм. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и накьыгъэм тенджызы щIагъми тафэ щыпIэпхэми лъэмыжыр зыIыгъуну гъущI пкъо абрагъуэхэр зытетыну лъабжьэхэр щагъэтIылъат.

Мэкъуэуэгъуэм кхъухьэр зыщIэкIыну аркэр лъэмыжым и гъущI Iуэгу Iыхьэм щхьэщагъэуващ. Ар Iэзагъышхуэ зэхьэлIэн хуей лажьыгъэт, зымащIэкIэ ущыуэнри Iэмал зимыIэт.

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и кIэм гъущI Iуэгу Iыхьэр, жэпуэгъуэм и 12-м автомобиль Iыхьэр зэпхърагъэувад.

Лэжьыгъэхэр я гуащIэгъуэу щекIуэкI зэманым Интернеткlэ щIыхьхэм Iэ ирагъэIэтри, лъэмыжым фIащыну щIэр къыхахащ. Процент 64-м къалъытащ абы Кърымым и щIэр фIэщыщIхьэу. Мы гъэм и мэлыжьыжьхьым лъэмыжым асфальт тралъхьэу щIадзащ. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ уухакIуэ мэзи 13-м Кърым лъэмыжыр ягъэува пIалъэм нэхъыпэ илъэс ныкъуэкIэ нэхъ пасэу щIын зэфIагъэкIащ.

ГъущI Iуэгу Iыхьэм мафIэгуэрэ трагъэхьэну я мурадщ **2019 гъэм и дыгъэгъаз зэм.**

Лъэмыжым километр 19 и кIыхьагъщ икIи ар Европэм щынэхъ ин дыдэщ.

Щlэгъэкъуа пкъохэр 595-рэ мэхъу.

Кхъухь щIэкIыпIэм метр 35-рэ и лъагагъщ.

Зы жэщ-махуэм автомобиль мин 40 ирикIуэфынущ Псынщlагъыр километри 110-м щIебгъэгъу хъунукъым.

ГъущI гъуэгуитI яухуэ. Абыхэмкlэ мафIэгуэхэм зы илъэсым щIыхь мелуан 14-рэ хьэлъэ зэмылIэужьыгъуэу тонн мелуан 13-рэ ягъэIэпхъуэфынущ.

Зы лIыр джэдыгибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу

Арат ди ямэр итахэм ямыдар

Иджыблагъэ ягъэлъэпIащ куэдым фIыуэ ялъагъу «Аргументы и факты» газетыр къыдэкIын зэрыщIдзэрэ илъэс 40 зэрырикъур. Редакцэм и лэжьакIуэхэм екъуэхъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир, Правительствэм и Унафэщl Медведев Дмитрий, къулыкъушхуэ зезыхьэ нэгъуэщI цIыхухэр.

СЫГ а газетыр апхуэдизу щIрыIуэ зыщIар? Псом япэу пажьыр зэрыщIмыуфэрщ, зыми зэрыпимыкIуэтырщ. Зы номери дэкIыкрыкIым абы гум къиШхыдыкI тхыгъэхэр тримыдзэу. Абыхэм ящыщ зыр цIыхуэхэр псэуныгъэкIэ хуабжьу зэрызэщхьэщыкIарщ. Псалъэм и хьэтырдIэ, олигархэхэм я бжьыгъэм зэрыхэхъуэ псынщlагъымкIэ Урысеим лъэ быдзкIэ дунейм япэ уВыпIэр щIиБгъущ икIи зыри къыплъащIыхьэну къыщlэкIынукъым. Ауэ адрейхэр псэун хуейкъэ?!

IэщlагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Урысей Федерацэм доллар мелуанырыбжэхэу 132-рэ, мелардырыбжэхэу 69-рэ щопсэу. Октябрь иным и ужькIэ илъэсищэ дэкIащ икIи ар-гуэру къэралыр шынагъуэм къыхэхутащ.

Сымаджэщ, школ, къутыр зэхуэщIахэр къэунэхуащ - тхъэжу псэунэр хуейкъым «унэIутыкъуэхэр» ягъусэну. Кьулеижь Тимати илъэси 4 зи ныбжь ипхъу Алисэ ирищlэкIа гуфIэгъуэр хьэщlахэм къэдрэ ягу илъынущ. Ар къыщlалъхуа махуэр сурэтыщI гъэзджэхэмкIэ къэрал мэзейуэ Пушкин А. С. и цIэр зезыхьэм щагъэлъэпIащ.

Иджырей Урысеим къыщlыунэхуащ я адэ-анэхэм я мелуанхэм ириджэгун фIэкIа нэгъуэщI зыхуэзэ-фIэмыкI щIэблэ «дыгъэл». Дауи, абыхэм ящыщ псоми къулейм ипхъу Багдасарян Марэ хуэдэу нэмыкIытагъэ хэпIуу хабзэр кьызэпаудыркъым, хуит зыщI тхьапЫ имыIэу руплым дзтIысхьэурэ. А хьэджэбзыр аргуэру яубыдауэ щалъагъукIэ, цIыхухэм къагъуэв жэуапым ирашэлIэну. Арщхьэкlэ абы къэудыуэ тралъхьэ сом мин 15-р и адэм дежкIэ зы кIэпIейкIи хъуркъым. «РЕСО-Гарантия» компаниер зей Сакрисов Сергей бынитку иIащ. Абыхэм ящыщу «ПащтыхьыкIуэ бIыцIэ» зыфIэзышIыжа Сергей-нэхъыщIэм езыр къыщалъхуа махуэр щигъэлъапIэкIэ, эстрадэм и вагъуэхэр, езым хуэдэу зи адэ-анэхэр къулейхэр ирегъэблагъэ.

Урысей унагъуэхэм я нэхъыбэм гъатхэм щIадзэри, сабийхэр гъэ еджагъэущIэм зэрыхуагъэхьэзырыну ахъшэ ягъэтIылъ. СМИ-хэм ыкIетхуэ хъыбархэм ятепщlыхьэ, Химкки къалэм и Iэтащхьэу щыта Стрельченкэ Владимир и бын дэтхэнэми сом мин 500-кIэ вакъэхэр къахуещIэу, ахэр сом мелуан 15 и уасэ автомобиль лъапIэхэм ирещI, зы жэщ-махуэм сом мини 100 зрат хьэщlэщхэм щопсэу. Стрельченкэ ипхъу нэхъыщIэр Рублёвкэм щыIэ школ хэпIыхьам щрагъаджэ, зы илъэсым сом мелуанрэ мин 300-рэ иратурэ. Дэнэу пIэрэ апхуэдизу мылъку къыздрихар? Унагъуэм и Iэтащхьэр Новосибирск щыщ лэжьакIуэ къызэрыгуэкIэхэм къахэхъукIащ, дэзм къулыкъушIэ щыдэкIуеину хущIэкъуащ, иужькIэ политикэм хьихащ. Москва областым ЖКХ-мкIэ и министрым и къудэзэу, иужькIэ и Iэтащхьэу щытащ.

Дэнэ щIыпIи щыапхуэдэщ, Пушкин мурыем ynей школ щыщеджахэм хабзэ яхуэхъуащ еджапIэр къызэрауахам и саулыкъуэкIэ къызэрагъэпэщ пщыхьащхьэхэм лимузинкIэ кIуэныр. Абыхэм яхуэзIыхащ ресторан лъапсэйхэр, шампанскэхэр ягъэкIуэщI. Арщхьэкlэ ежьащхьэм жаIэ уней школхэр къэзыухахэр экзаменхэм зэрахуэмыхьэзырыр. Пэжу, ар шынагъуэкъым - ахъшэкIэ ныбжьыщIэр сыт хуэдэ вузи щIэтIысхьэфынущ...

Абыхэм я деж-щэ?

Европэм къулейсыэхэмрэ я зэщхьэщыкIыныгъэр хабзэм и нэIэ зэрыщIэтым и мы-закъуэу, нэмысми щытещIыхьащ.

- ПСОМ япэрауэ, Европэм налогхэр хуабжьу щIыпIагъщ,- къыдгурегъаIуэ нэмыцэ политолог Рар Александр. - Курыт щIыналъэхэм я зэхуэдитIыр щат къэралхэр щыIэщ. Абы щыгъуэми, бюджетым и процент 40 - 45-р псэуныгъэ Iуэхуэхэм ухах. Араущи, къулейсызэхэми зыхуейр ягъуэт.

ЕтIуанэрауэ, судыр ткIийуэ кIэлълъоплъ налог хабзэр зэрагъэзащIэм. Дэпщlыпlэхэр къэзыгъуэт мелуанырыбжэхэр Iэуэльауэшхуэм щIэту жэуапым ирашалIэ.

Европейхэм я хьэлкъым я мылькур зыхуэдизымкIэ зыщlатхъэжьыни. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу Iулейхэр мыбы зэрыщIэзэпеуэр я машинэ зыкъызыхъэмкIэкъым, атIэ псапащlэ Iуэхуэхэм халъхьэр зыхуэдизымкIэщ. Ар я пщlэр къызэралъэ Iэмалу уващ.

АтIэ ди дежи зэгъэр щагъэкIуэдыжьфыну пIэрэ мылькыншхуэ зиIэхэм-рэ факъырэхэмрэ яку дэлъ щыхупIэр?

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Ахэри, нэгъуэщIхэри...

● Дагъыстэн

ЩIынальэм и Iэтащхьэм жиIащ къулыкъушIэ хьэжьвакъэжьышхэр дяпэкIи зэрагъэтIысынур.

ДАГЪЫСТЭНЫМ узынщагъэр хъумэныкIэ и министрыщIэ Гаджиибрагимов Джамалудин правительствэм хэтхэм щагурэIуэныхуэм, Васильев Владимир тепсэлъыхьащ, республикэм и экономикэр, гъэсыныпхъэнергетикэ Iэнатlэр зыIуэу гугъуехьхэм, хабзэм емызэгъуу лажьэ бензин игъэхъуапIэхэр зэрыщIэм, налог хамыгъэкIын папщIэ хэхъуэхэр зэрыщIауфэм, нэгъуэщI мыхъумыщIагъэхэм.

- Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ! Закъуэтlакъуэ бгъэтIыскIи Iуэхур зэфIэкIынукъым! А зэщlэгъэуIуэ щIэпхъаджащIэ гупхэм республикэ псор зэщlаубыдащ. Ауэ Правительствэм и унафэщIу щыта Гамидовым и бжэмк хуэдэу, езыхэм я бжэхэми къытеуIуэнкIэ зэрыхъунур ящIэн хуейщ, - къыхиГъэщхьэхуакIащ Дагъыстэным и Iэтащхьэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщ мы гъэм и гъатхэпэм узынщагъэр хъумэнымкIэ министрым и къуэдзэ Мирзабеков Хаджимурат хуэгъэза уголовнэ Iуэху къыхэзрэIэтар. Абы шэч хуащI сом мелуани 100-м щIигъу идыгъуауэ. Министерствэм и пэшхэр къащащ.

Iуэхур зэхэзыгъэкIхэм зэрыжаIэмкIэ, 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ 2014 гъэр къэсыху сом мелуани 105-м нэблагъэ ядыгъуащ. Абыхэмкlэ медицинэ Iэмэпсымэхэр къащэжи хуейт. Мелуан куэд ядыгъуэу ягъэхъэнщагъэ Гамидов Абдусамадрэ и къудзитIыкIэ Москва и СИЗО-м исщ. ЯгъэтIысащ егъэджэныгъэмкIэ министру щыта Шахов Шахабафи, Мэхъэчкъалэм и Iэтащхьэ Мусаев Мусаи, апхуэдэу къалащхьэм и архитектор нэхъыщхьэри. УхуэныгъэмкIэ министр Казибеков Иброхьим теухуа уголовнэ Iуэху къыIэтащ, ауэ абы зегъэпщкIу.

Меркель пионеру щытащ

● ЦIэрыIуэхэр

Куэд щIакъым Меркель Ангелэ Германием и канцлер-ыгъуэ, зэрыхэхьэрэ. Абы и зэманым нэмыщ къэралыр Европэ-союзым и унэтIакIуэ хъуащ. Хэт атIэ апхуэдизу зыбгъэдэIэ бзыльхъугъэр?

Каснер (Меркель и хьэджэбз унэцIэщ) Ангелэ Гамбург къыщалъхуащ, ауэ, коммунизмэм дихьэхати, и унагъуэр ГДР-м Iэпхъуащ. Абы и сабиигъуэри, щIалэгъуэри щыгъэкIуащ, политикэм щыхэпщIащ. Хьэджэбз цIыкIур фIыуэ еджэрт икIи нэмысыфIэт. И ныбжьэгъуэхэм я гъусэу пионеращ, иужькIэ Германиемрэ щIалэгъуалэ щхьэхуитым я зэгурыкIуэныгъэм (ССНМ) - комсомольскэм ещхь гъэрым хьихащ. Абы жэуап ихьэрт пропагандэмрэ агитацэмкIэ. Иужькlэ ар хуабжьу къыщхьэщIэжащ. Меркель урысибзэ ещIэ, Къэзыкlэпlэ Германиемрэ Iулыкъу щызыщIа ди офицерхэм я деж щызрагъэщIауэ. Уеблэмэ, иджыблагъэ и щыгъныныкIэ дагъуэ къыхуэзыщIа журналистхэм урысибзэкIэ екъуэнауэ жаIэ. Ауэ, пэжу, абы псалъэмакъ къикIакъым.

1973 гъэм школыр фIы дыдэу къиуухри, химие Iэщlагъэм хуеджэну Маркс Карл и цIэр зезыхьэ Лейпциг университетым щIэтIысхьащ. Абы къыщIцIыхуащ иужькIэ къыхуэхъуа Меркель Ульрих. Ахэр илъэситху къудей фIэкIа зэдэпсэуакьым, ауэ абы и унэцIэр къызыхуигъэнащ. Тэмэмуи ищIащ: «Меркель» псалъэм нэмыцэбзэкIэ «къахущ» къокI. БлэкIа лIэщlыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэуэным нэмыцэ къэралитIыр зэхуагъэхьэжа иужькIэ, политикэм къхьащ. Куэд тражьыхьащ Европэм и зэкъуэтынкъэм...

Меркель и кIэн къикIащ: хьэджэбзым гу къыпIэтащ ФРГ-м и канцлер Коль Гельмут. Аращ политикэм лъэ быдзкIэ хьихьэнымкIэ хуабжьу къыдэIэпыкъуар. Арщхьэкlэ 1988 гъэм хэхьныгъэхэм Шрёдер Герхард къыщыкIуэ, Коль ныбжьэгъуэр фIэкIуэду хуежьащ. Абыхэм яхэтащ Меркели. 2005 гъэм ар езыр Германием и канцлер хъуащ.

Политикэм а бзыльхъугъэр щыщIэрыIуэщ зэпIэзэрыту икIи зэпэщэчауэ фIэкIа зэи зы Iуэхуи зэрыбгъэдэмыхьэжмкIэ: емыгупсысауэ зы лъэбакъуи ичынукъым. Арауэ къыщIэкIынущ и къулыкъур иджыри къэс щIыIыгъфри. США-р сыт щыгъуи и гъуэзэщ, арщхьэкIэ езым и къралым и сэбэп зыхэлъхэр абы щхьэзыхьх хуищIыркъым. Ар къиГэлъэгъуащ иджыблагъэ Урысейм и Президент Путин Владимир Сочэ щыщепсэльаьм. Америкэм къытрикъуэзми, «Ищхъэрэ унэтIыныгъэ-2» газ кIуапIэ бжьамийр яукъуэдиныр деIыгъ - ди гъэсынпхъэр хуэдизкIэ нэхъ пудщ Штат Зэгуэтхэм яйм нэхъ-рэ. Апхуэдэу жиIащ (Франджыми, уеблэмэ, Инджьлызми я гъусэу) Вашингтон Ираным ирищIлIа ядернэ зэгурыIуэныгъэм къызэрыхэкIыжар зэрыдимыIыгъыр.

Политик зэпIэзэрытми, Меркель и хьэлым хэпIыщ Iэщlыб имыщIыфынуэрэн. Канцлерыр лыжькIэ къэжьхьыным хуабжьу, хэбгъэзыхьмэ, егъэлеяуэ дехьэх. Абы и зэрани кьекIащ: илъэс зыбжанэ и пэкIи джэлэрыи, Путин Владимир и псалъэхэм ятепщlыхьмэ, ар «Радеберг» пивэм дихьэхащ ГДР-м щыщIалэжьа зэманым. Меркель пивэ иофэ камерэхэр къытегъэпсэуи. Уеблэмэ пивэ есфапIэхэм щIыхьэнуи зриусыгъуэджэркъым...

«Red Fox Elbrus Race-2018» зэхьэзэхуэм хьихьэу екIуэкIа «Километр задэ» зэпеуэм хэтащ щIыху 420-рэ. Километри 3-рэ метр 900-рэ зи кIыхьагъ лъагъуэм щIыхуэхьэм я деж пашэщIыгъэр щиубыдащ Урысейм щыщ Пагнуев Алексей. ЩIыхубзхэм я деж пашэ щIыхьащ Кравченкэ Еленэ (Урысей)», - жиIащ Колчановым.

Мы гъэм япэу кьыхахащ фестивалым и «Мистер Iуащхьэмахуэ», «Мисис Iуащхьэмахуэ». Апхуэдэ щIыхьэр хуагъэфэщащ Сайчер Дмитрий, Стефанишинэ Оксанэрэ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащIыжыкIи абы хэтахэм ехъэхъуащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Атакуев Руслан. «Гуапэщ мы зэпеуэр Текlуэныгъэ Иным зэрытраухуар - абы пщlэшхуэ хуэфащэщ. Тхьэр арэзы къыфхухъу жыдоIэ дэтхэнэми: фэ фщыгъупщэркъым Щы Хьурейм мамырыгъэр щызыхъумахэм я лIыхъужьыгъэр», - къыхиГъэщащ Атакуевым.

Колчанов Евгений къыхиГэбелджыныкIащ, зэхьэзэхуэр фIы дыдэу къызэгъэпэща зэрыхъуар икIи фIыщIэ яхуищIащ абы гугъу зыдезыгъэхьазхэмрэ спонсорхэмрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Дунейм ехыжащ Лафыщ Нинэ Исмэхьил и пхъур

Уэркъ лъэпкъым зэрыщыщым къыхьхIыу Куба къуажэм дагъэкIыу Узбекистаным ягъэIэпхъуа унагъуэм ар къыщалъхуащ. ЩыщIыкIым абы куэдрэ зэхихьрт адэжь щIынальэм теухуауэ нэхъыжьхэм зэхуаIуатэ псалъэмакъхэр.

Сталинрэ лIа нэужь унагъэр хуит къащIыжри, Кавказым къэкIуэжащ, ауэ хэ-кым къихьжыну дзыхь ямыщIыщэу Псыхуабэ щеТIысэхащ.

И ныбжьыр нэсати, Нинэ Налшык щеджэну мурад ищIащ. Абы ди университетым физикэмрэ математикэмкIэ и факультетыр кIуиэхащ, математикэмкIэ дисертацэр итхри пхигъэкIащ икIи илъэс куэдкIэ а факультетым егъэджакIуэу щылажьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмкIэ щезыгъаджэ КIэдО Арсенрэ абыиз унагъуэ хъарзынэ яухуащ. Нинэ и щхьэгъусэр тхыдэм дихьэхырт икIи архивэм щылажьэрт, тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр и Iэдакъэм къыщIэкIырт.

И щхьэгъусэр дунейм ехыжа нэужь, цIыхубзри архивэм хэпIуэу щIидзащ. Абы и мурад нэхъыщхьэр лажьэншэу ягъэкIуэда и адэшхуэм и сурэт кIигъуэтыжыну арат. Ауэ ар къызэдилъхьэуэм, абы къыпэщIэхуэу хуежьащ политикэ щхьэусыгъуэкIэ щIэблэ «дыгъэл». Дауи, абыхэм ящыщ псоми къулейм ипхъу Багдасарян Марэ хуэдэу нэмыкIытагъэ хэпIуу хабзэр къызэпаудыркъым, хуит зыщI тхьапЫ имыIэу руплым дзтIысхьэурэ. А хьэджэбзыр аргуэру яубыдауэ щалъагъукIэ, цIыхухэм къагъуэв жэуапым ирашэлIэну. Арщхьэкlэ абы къэудыуэ тралъхьэ сом мин 15-р и адэм дежкIэ зы кIэпIейкIи хъуркъым. «РЕСО-Гарантия» компаниер зей Сакрисов Сергей бынитку иIащ. Абыхэм ящыщу «ПащтыхьыкIуэ бIыцIэ» зыфIэзышIыжа Сергей-нэхъыщIэм езыр къыщалъхуа махуэр щигъэлъапIэкIэ, эстрадэм и вагъуэхэр, езым хуэдэу зи адэ-анэхэр къулейхэр ирегъэблагъэ.

Урысей унагъуэхэм я нэхъыбэм гъатхэм щIадзэри, сабийхэр гъэ еджагъэущIэм зэрыхуагъэхьэзырыну ахъшэ ягъэтIылъ. СМИ-хэм ыкIетхуэ хъыбархэм ятепщlыхьэ, Химкки къалэм и Iэтащхьэу щыта Стрельченкэ Владимир и бын дэтхэнэми сом мин 500-кIэ вакъэхэр къахуещIэу, ахэр сом мелуан 15 и уасэ автомобиль лъапIэхэм ирещI, зы жэщ-махуэм сом мини 100 зрат хьэщlэщхэм щопсэу. Стрельченкэ ипхъу нэхъыщIэр Рублёвкэм щыIэ школ хэпIыхьам щрагъаджэ, зы илъэсым сом мелуанрэ мин 300-рэ иратурэ. Дэнэу пIэрэ апхуэдизу мылъку къыздрихар? Унагъуэм и Iэтащхьэр Новосибирск щыщ лэжьакIуэ къызэрыгуэкIэхэм къахэхъукIащ, дэзм къулыкъушIэ щыдэкIуеину хущIэкъуащ, иужькIэ политикэм хьихащ. Москва областым ЖКХ-мкIэ и министрым и къудэзэу, иужькIэ и Iэтащхьэу щытащ.

Дэнэ щIыпIи щыапхуэдэщ, Пушкин мурыем ynей школ щыщеджахэм хабзэ яхуэхъуащ еджапIэр къызэрауахам и саулыкъуэкIэ къызэрагъэпэщ пщыхьащхьэхэм лимузинкIэ кIуэныр. Абыхэм яхуэзIыхащ ресторан лъапсэйхэр, шампанскэхэр ягъэкIуэщI. Арщхьэкlэ ежьащхьэм жаIэ уней школхэр къэзыухахэр экзаменхэм зэрахуэмыхьэзырыр. Пэжу, ар шынагъуэкъым - ахъшэкIэ ныбжьыщIэр сыт хуэдэ вузи щIэтIысхьэфынущ...

Абыхэм я деж-щэ?

Европэм къулейсыэхэмрэ я зэщхьэщыкIыныгъэр хабзэм и нэIэ зэрыщIэтым и мы-закъуэу, нэмысми щытещIыхьащ.

- ПСОМ япэрауэ, Европэм налогхэр хуабжьу щIыпIагъщ,- къыдгурегъаIуэ нэмыцэ политолог Рар Александр. - Курыт щIыналъэхэм я зэхуэдитIыр щат къэралхэр щыIэщ. Абы щыгъуэми, бюджетым и процент 40 - 45-р псэуныгъэ Iуэхуэхэм ухах. Араущи, къулейсызэхэми зыхуейр ягъуэт.

ЕтIуанэрауэ, судыр ткIийуэ кIэлълъоплъ налог хабзэр зэрагъэзащIэм. Дэпщlыпlэхэр къэзыгъуэт мелуанырыбжэхэр Iэуэльауэшхуэм щIэту жэуапым ирашалIэ.

Европейхэм я хьэлкъым я мылькур зыхуэдизымкIэ зыщlатхъэжьыни. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу Iулейхэр мыбы зэрыщIэзэпеуэр я машинэ зыкъызыхъэмкIэкъым, атIэ псапащlэ Iуэхуэхэм халъхьэр зыхуэдизымкIэщ. Ар я пщlэр къызэралъэ Iэмалу уващ.

АтIэ ди дежи зэгъэр щагъэкIуэдыжьфыну пIэрэ мылькыншхуэ зиIэхэм-рэ факъырэхэмрэ яку дэлъ щыхупIэр?

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Фильмхэр тыгъэ яхуещI

КъБР-м щыIэ УФСИН-м дэлажьэ Жылагъуэ советым щIыхь зиIэ и тхьэмадэ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI, профессор, академик, УФ-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Вэрокъуэ Владимир езым и фильмхэр зытет дискхэр УФСИН-м ириташ суд зытращIыхьауэ абы щаIыгъэм папщIэ.

КъЫХЭДГЪЭЩIНЩI, кинорежиссёрым япэIуэми библиотекэхэмрэ медиафондэмрэ яритащ и Iэдакъэщlакlэм ящыщ. Иджы абы къыхэхуащ Вэрокъуэ Владимир и «Мария. Русская царица из Кабарды», «Заповедная земля», «Эльбрусград», «Детский смех - лучшая музыка земли», «Надежды маленький оркестрик» фильмхэр.

Хабзэ хъуауэ, Вэрокъуэ Владимир республикэм и тутнакъэщхэм щыкIуэкIэ йопсалъэ ягъэтIысащ. Жылагъуэ советым и унафэщIу щыщытам ар яхуэзэрт тезырыр зыпшынхэм я адэ-анэхэм, къызэрегъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэр. Апхуэдэ Iуэхухэр щхьэпэщ тутнакъэр гъуэгу захуэм теувэжьнымкIэ, гъащIэм нэгъуэщIу еплъынмкIэ. Вэрокъуэ Владимир и фильмэмрэ тхьапхэмрэ куэдым щащIагъэуащ: япэ ита нэхъыжьа щIэрыIуэхэм я шыфэлIыфэр, ди лъахэм и щIыуэпс дахэр жыпIэми.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

Юбилей фестивалыр зэхуащIыж

● Скайраннинг

Накъыгъэм и япэ махуэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIащ «Red Fox Elbrus Race-2018» епщlанэ юбилей зэхьэзэхуэр. «Рекордхэм я фестиваль» - апхуэдэущ мы зэпеуэм зэреджэр. Илъэс къэс спортсменхэм я зэфIэкIым хагъахъуэ къудей мы-хъуу, езы зэхьэзэхуэхэм я бжыгъэри нэхъыбэ мэхъу. Мы гъэм абы хэтащ къэрал 34-м щыщ спортсменхэр.

«ЮБИЛЕЙ фестивалым хьихьэу мы гъэм япэу екIуэкIащ «Elbrus Ski Monsters Expedition Race» зэпеуэр. А лъагъуэр ирокIуэ Iуащхьэмахуэ лъапэ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэхуэу гуащIэхэр щыщекIуэкIа щIыпIэхэм. Трассэм километр 43-рэ и кIыхьагъыщ, километри 5-кIэ заIэту», - жиIащ фестивалым и унафэщI Колчанов Евгений. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, фестивалым хэтащ спортсмен 500-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм илъэс къэс зэхуеишэ альпинист, скайраннинг цIэрыIуэхэр, жыджэру зызыгъэпсэхуну зыфIэфIэхэр.

«Red Fox Elbrus Race-2018» фестивалым ТекIуэныгъэм и кубокыр къыщIихьащ Урысейм и Лъэпкъ гвардием и командэм. Абы хэтащ КъБР-м щыщ Ачабаев Илъас.

«Ди командэм щIалищэ хъыджэбзищрэ хохьэ. Зэман къызэрытхудэхуэу, зыгъэсэныгъэхэр идогъкIуэкI. Зы лъэныкъуэкIи ар хьэлъэщ, ауэ адреймкIэ - гъащIэгъуэнщ. Пэжыр жыIэнщи, сыт хуэдэ къызэджэм дежи уи щхьэм гупсысэ зэмылIэужьыгъуэхэр ихьэзэрыхь - хьэлъащ, уешащ, ауэ псэхуПэ бгъуэтынукъым финиш куэбжэм удэмыкIауэ. Ар жэуаплыныгъэшхуэщ, псом япэрауэ, уи щхьэм и деждкIэ», - жиIащ Ачабаевым.

Iуащхьэмахуэ и хуреягъкIэ къызэрагъэпэща экспедицэ къызэдэжар мы гъэм япэу екIуэкIауэ аращ. Лъэгъуэм и кIыхьагъыщ щIагъуэ километр 35-рэ, километри 4,5-кIэ зиIэту. Азау тафэм щыщIадзэри, спортсменхэм зэщlагъэхьащ Хэку зауэшхуэм зэхэуэхэр щыщекIуэкIа дэтхэнэ щIыпIэри - «Ледовая база», «105-я пикет», «Бочки», «Скалы Пастухова». ИужькIэ ахэр Iуащхьэмахуэ и къухьэпIэ щыгум дэкIащ.

Япэу а гъуэгуанэр къызэпичащ Австрием къикIа Салчер Доминик, Къзахъстаным щыщ Байкашев Шынгыс етIуанэщ. Абыхэм къакIэлъокIуэ Урысейм щыщ Шкель Виталий.

Цlыхубзхэм я деж пашэныгъэр щиубыдащ Стефанишинэ Оксанэ. Рухлядэ Еленэ етIуанэщ, Ермаковэ Надеждэ ещанэщ.

«Километр задэ» къызэдэжьм хэтащ къэрал 22-м кIыхьа спортсмен 400-м щIигъу. А лъагъуэр яукъуэдиящ Азау тафэм къыщыщIадзэу «Мир» станцым нэс. Пашэхэм гъэтуанэр къызэпачащ дакъикъэ 50-м нэблагъэкIэ.

«Red Fox Elbrus Race-2018» зэхьэзэхуэм хьихьэу екIуэкIа «Километр задэ» зэпеуэм хэтащ цIыху 420-рэ. Километри 3-рэ метр 900-рэ зи кIыхьагъ лъагъуэм цIыхухьэхуэм я деж пашэныгъэр щиубыдащ Урысейм щыщ Пагнуев Алексей. Цlыхубзхэм я деж пашэ щIыхьащ Кравченкэ Еленэ (Урысей)», - жиIащ Колчановым.

Мы гъэм япэу кьыхахащ фестивалым и «Мистер Iуащхьэмахуэ», «Мисис Iуащхьэмахуэ». Апхуэдэ щIыхьэр хуагъэфэщащ Сайчер Дмитрий, Стефанишинэ Оксанэрэ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащIыжыкIи абы хэтахэм ехъэхъуащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Атакуев Руслан. «Гуапэщ мы зэпеуэр ТекIуэныгъэ Иным зэрытраухуар - абы пщlэшхуэ хуэфащэщ. Тхьэр арэзы къыфхухъу жыдоIэ дэтхэнэми: фэ фщыгъупщэркъым Щы Хьурейм мамырыгъэр щызыхъумахэм я лIыхъужьыгъэр», - къыхиГъэщащ Атакуевым.

Колчанов Евгений къыхиГэбелджыныкIащ, зэхьэзэхуэр фIы дыдэу къызэгъэпэща зэрыхъуар икIи фIыщIэ яхуищIащ абы гугъу зыдезыгъэхьазхэмрэ спонсорхэмрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Iэшlэ-пыдж Замирэ, Хьэжьакъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-центрымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуэгъуэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкlэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ пап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ пап.), корректорхэм я дзIэныкъуэгъу* **Н